InfoVIHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

EDITION 2024
WOLOF

# Si lane lama ligueye kate biye takhawou nite gni sokhla dimbeul meune takhawou?

**Boudé ndanga amé djiangoroye VIH, sa sokhla bou geuna ame sola moye no amé garrabe nguire djiangoro ak takhawou pour meuna thiaytou sa wérgou yarame. Nites you beurri you djogué si bitime réw, dina gnou ames yénénis sokhlas youye yokou si séne sokhla wérgou yarame ndakhe li gnou diogué bitime réw. Si gnou beurri, gnome kéne lanou, amougnou kougnou khétole amougnou kougnou fi khame yok chi khamougnou fane lanou wara déme ak nane lanou faye démé. Liguéye katbi biye takhawou gniye doga aksi, wala gni sokhla takhawou ak dimbeule, dina meuna dimbeulé banga topato lépeu ba rombe diaffé diaffés yi ba meuna dala k diame si sounou réw bou bakhe bou mouche si ayibe.**

Liguéye kate yoyou di diapalé waye néw dji dolé, meune nanou la takhawou banga meuna gatandou bou bakhe ayes diaffés diaffés yi nites yi, wala famille yi, wala gni bokou si ayes mbotayes you nites you néw dolés gnou mélni gni touki si béne réw wala gokhe. Pour meune la dimbeulé, liguéyes kate yoyou, dinagnou thiaytou bou bakhe sa nékine ak sa doundine ndakhe meuna khame nounou laye meuna dimbeulé ak kome kome bi gnou ame wala yoré. Amna sola tamite khame bou bakhe que kome kome bobou, dina outé si gokhe b inga meuna nék si bire réwmi, dou fépeu la yéme.




Buerri na ayes yones wala ayes dioumtouwayes yo khamné liguéye kate yoyou, meune nanou chi dimbeulé nites kou diogué bitime réw. Dina la meuna yombalale tamite ayes khibares si sa ayes warréf ak yéléffs si sa gokhe bou béss bobou. Si lou melni yane visa, kheuyite ndakhe meuna liguéye si réwmi ak deukeu si réwmi. Dina gnou la guindy tamite si yanes yones wala diegos yo wara sékhi ndakhe meuna ames ayes keuyites you beurri yoyes sokhla, you chi mélni, kheuyite bi gnouye diokhe gni diogués bitime réw ndakhe gnou meuna nék fi si lou mouches si ayib (NIE)

Liguéye kates yoyou, meune nanou la dimbeulé si lou beurri ba dale bou béss si sa réw wala gokhe bou bee bobou mouchou si ayibe. Si lolou, meune nanou la yombale ayes khibares si lou dieume si kouréle yi yoré dimbeule yi bachi bolé fo khamné meune nga fa diangué lakou réwmi boudé dégoko pour meune ché djioko.

Tamite meune nanou yombales ayes khibares you dieume si mbotayes youyes topato lou dieume si li nites kouye doga aksi, li mouye sokhla lou meuna niak, come lou dieume si wérgou yaramame, si ame ndianganame wala si deukouwayame. Tamite meuna nanou la yombalale ayes khibares you dieume si ayes dimbeules yo meuna ames temouye diogués dieuwringnou mbotaye yi, si lou mélni dimbeule bi gnouye diokhe gni meuneuloule séne boppe dará, wala djiguéne yi gnouye boundou khatale si séne séyes dimbeules lo khaliss ak yénénis diapalés. Boudé ya ngui liguéye, meuna nanou

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL E INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.

VIH

la dimbeulé ak khibares you dieume si sa liguéye, ba lou dieume si boudé ndanga sokhla toke abe dire wala toke bou doul diékhe khamal la l inga wara woné wala diokhé ak fokhoye déffé wala yobou bagnou déffe chi lépeu li chi war banga diote chi si lou mouche si ayibes.

Guisse nanou né nites gniyes touki déme bitime réw wala si bénéne gokhe, dinagnouye wéte si lou beurri. Liguéyes kate yoyou dina gnou la meuna khamale, wala digueule la ayes mbotayes yo meuna déme di wéteulikou meune fa ame dimbeules aka yes nites yénéne yo meuna khame té diégué wo ak gnome.

Di chi gnok tamite, liguéye kate yoyou di dimbeulé waye néw dji dolé yi wala dokhadéme yi, dina gnouye liguéye si khékhe bépeu khétou bétéle, khébangué wala souffféle nite. Dagnouye takhawe nguire nites kou nék meuna ame ayes warrefs ak yélléfs foumou meunti nék si bire réwmi.

## Fane lagnouye meuna guissé liguñeye kate yoyou?

Si li chi eupeu, liguéye kate yoyou, dinagne léne di guisse si liguéyou kaye yi nék penyoume deuk b inga nék wala si liguéyou kaye yi gnouye takhawo nite gni néw dolé wala diogué si bitime réw wala si yénéni ayes gokhes. Meune ngaléne féke tamite wala guisse tamite si béreupe yi gnouye thiayto wérgou yaramou nites yi (sirtou keur doctor yi diégué sa keur) ak si hospital yi. Dina gnou léne di féke tamite si mbotaye yoyou gnouye toudé ONGs wala si ayes fondations wala yénéni mbotayes youyes liguéyes nguire takhawou nites yi bagnou meuna ame li gnou sokhla si amine bou mouchou si ayibe.

## Si lane lama ligueye kate biye takhawou nite gni sokhla dimbeul meune takhawou?

Meune nga lache si sa keur doctor bi diégué sa deukouwaye wala si sa ( hospital bignouye thiayto sa wérgou yarame bo amé diangoroye VIH) ndakhe amnanou mbotaye yoyou. Meune nga lache tamite mbotaye biye takhawou gni amé djiangoro VIH b inga



grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Descargo de responsabilidad**

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA
GOBIERNO DE ESPAÑA · MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL
MINISTERIO DE SANIDAD
Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Diputació Barcelona · Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social
Ajuntament de Barcelona
COLABORA
ETIS
Vall d'Hebron
eSPiC Equip de salut pública i comunitaria

SI TE HA PARECIDO ÚTIL E INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.